ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№57 (22.715) • 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghegazeta.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIм и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **Шагин Сергей Иван и къуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу гъэуцунэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№76-УГ

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмрэ ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмкIэ!

Къэбэрдей-Балькъэрым, къэрал кIуэцIым и мызакъуэу, дуней псом щIэ пщIэр зэлытар щытхъушхуэ зиIэ музыкантхэм, уэрэджьыкIуэхэм, художникхэм, литераторхэм, республикэм и къэфакIуэ гупхэм я зэфIэкI инырц. Цыхуэ зэчиифIэхэр зи куэд Къэбэрдей-Балькъэрым езым и художественнэ зэфIэкIхэр щегъэлъагъуэ урысейпсо, дунейпсо утыкуэху нэхъ пщIэшхуэ зиIэхэм. Дуней псом гульытэшхуэ щыхуащI ди деж къыщызэрагъэпэщ Iуэрыдуэтэ фестивалым щыщ зыгъэкантхэм я конкурсхэм, театр гъэльэгъуэныгъэхэм.

Фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ зыхуэфбгъэдэн щымыIэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэгуанэ зи фIыгъуэхэр щIэблэхэм зэIэпахыу къоКIуэкI икIи ар сэбэп мэхъу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбелджылкIэ.

Музейхэмрэ библиотекхэмрэ я лэжьакIуэхэ, театр гупхэм, концерт организацэхэм, щэнхабзэ унэхэм щылажьэхэ, художественнэ самодеятельностым хэтхэ! Фэ къраууи, щIэныгъэуи, зэфIэкIыуи, жыдэхэрагъыуи вбгъэдэлъыр хуроунэгI ди республикэм и гурыщIэ къуеляегъэр хуымэнымрэ гъэбгъуэнымрэ, щIэблэщIэр гъэсэным.

Щэнхабзэм и ильэсым дэ къыптэщытщ уиажьку Iуэхушхуэ куэд, фэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу щIэ зыхуэтщIхэ, фи зэфIэкIкIэ ефхъэлIэн хуейуэ.

Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фи лэжьыгъэ псэемыблэжьым папщIэ фIыщIэ фхуэзощI икIи уэзыншагъэ быдэ, насып,ефIэкIыгъэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмкIэ!

Къэбэрдей-Балькъэрым, къэрал кIуэцIым и мызакъуэу, дуней псом щIэ пщIэр зэлытар щытхъушхуэ зиIэ музыкантхэм, уэрэджьыкIуэхэм, художникхэм, литераторхэм, республикэм и къэфакIуэ гупхэм я зэфIэкI инырц. Цыхуэ зэчиифIэхэр зи куэд Къэбэрдей-Балькъэрым езым и художественнэ зэфIэкIхэр щегъэлъагъуэ урысейпсо, дунейпсо утыкуэху нэхъ пщIэшхуэ зиIэхэм. Дуней псом гульытэшхуэ щыхуащI ди деж къыщызэрагъэпэщ Iуэрыдуэтэ фестивалым щыщ зыгъэкантхэм я конкурсхэм, театр гъэльэгъуэныгъэхэм.

Фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ зыхуэфбгъэдэн щымыIэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэгуанэ зи фIыгъуэхэр щIэблэхэм зэIэпахыу къоКIуэкI икIи ар сэбэп мэхъу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбелджылкIэ.

Музейхэмрэ библиотекхэмрэ я лэжьакIуэхэ, театр гупхэм, концерт организацэхэм, щэнхабзэ унэхэм щылажьэхэ, художественнэ самодеятельностым хэтхэ! Фэ къраууи, щIэныгъэуи, зэфIэкIыуи, жыдэхэрагъыуи вбгъэдэлъыр хуроунэгI ди республикэм и гурыщIэ къуеляегъэр хуымэнымрэ гъэбгъуэнымрэ, щIэблэщIэр гъэсэным.

Щэнхабзэм и ильэсым дэ къыптэщытщ уиажьку Iуэхушхуэ куэд, фэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу щIэ зыхуэтщIхэ, фи зэфIэкIкIэ ефхъэлIэн хуейуэ.

Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фи лэжьыгъэ псэемыблэжьым папщIэ фIыщIэ фхуэзощI икIи уэзыншагъэ быдэ, насып,ефIэкIыгъэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Гукъыдэжыр къэзыIэтхэр

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр гъэтхэпэмкIэ къыхэзыгъэтхьар, ар къэралпсо махуэшхуэ щIэн хуейуэ япэу жызыIар УФ-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Соколов Александрщ, 2007 гъэм и гъатхэпэм зэIуIуцIэ иригъэкIыжу абы къыхигъэщауэ щытащ щэнхабзэм и къудамэ хэхъахэм ехьэлIа махуэхэр (Фэепльхэр хъуэхэным и махуэр, Театрым и махуэр, Печатным и махуэр, и. я. т.) ягъэтIысIэри, щэнхабзэ Iуэхущапэхэм щылажьэхэми щхьэхуэу гульытэ яхуэщIын зэрыхуейр.

ЩЭНХАБЗЭМ и лэжьакIуэм и махуэр гъатхэпэм и 25-м гъэтхэпэным теухуа унафэм 2007 гъэм щышхьэхуIуэм и 27-м Iэ щIидзауэ щытащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

Щэнхабзэм знужьныныр елъытащ абы хуащI гульытэм, мыльку а Iуэхум хухахьм. Iэщ IагъэлI нэсхэр гъэхьэзырыныр, абыхэм защIэгъэкъуэныр, лэжьакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр ирихьэлIэу эпымыууэ и нэIэ зытригъэтыпхьэщ, сыту жыпIэмэ щэнхабзэр цIыхум зезыгъэужь Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Хэт щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр? Кином, гъуэгуанэм, тхыдэм, нэгъуэщI IэнатIэхэмэ зи гъащIэр тезыуухъуэрщ. Урысейм и щIыналъэ псоми гъатхэпэм и 25-м щагъэльапIэ аехр: щIыхь тхыльхэр, щIэ лъапIэхэр, нэгъуэщI саугъэтхэр зыхуагъэфащэхэм аехр щратыж пщыхьхэр къыдэзрагъэпэщ, нэгуэлужь программэхэр хуэхъэхъэрн, абыхэм я гукъыдэжыр къаIэт.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр къуелйщ ди щэнхабзэр утыкуэхэм изыхьэфа цIыху цIэрыIуэхэмкIэ. Абыхэм щэнхабзэм, гъуэджэм щыыIэрагъэхьа екъуIэныгъэхэм ди къэралым гулъытэ къыщыхуащIащ, цIэ лъапIэхэмкIи ягъэпэжащ.

РСФСР-м и цIыху артистущ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-къэрал драмэ театрым и актеру щытахэу Токъуий Хьусен, Пыхъужь Алий, Дышэжь Кlунэ, Сонэ Мухьэрбий сымэ, пшынауэ Iэзэ Кьащыргъэ Кlуращ, Кучуков Магомед, опер-рэ уэрэджьыIакIуэ Гъэсащэ Наталье, -СССР-м и цIыхубзэ артист» цIэ лъапIэр зэрехьэ дирижер гъуэзджэ Темыркъан Юрэ, УФ-м и цIыхубз артистщ композиторхэу Кьарадзан Хьэсанрэ Темыркъан Борисрэ, уэрэджьыIакIуэ Тут Заур, балетмейстер Ульбашев Мутай.

УФ-м гъуэджьэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэщ актер Болэ Мурат (КъБР-м и цIыхубз артистщ), композитор Хьэпуп Джэбрэйил, режиссерхэу Теубэж Сультlанрэ Фыцэ Руслан рэ, драматург Шортэн Аскэрбий, ди къэралым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокуэ Владимир. -УФ-м и цIыхубз суръэтыщI- цIэ лъапIэр зэрехьэ Пащты Германэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и художникщ Тхьэкlумашэ Михаил, Абей Виктор Кlыщ Мухьэдинрэ КъБР-м и цIыхубз суръэтыщIу.

УФ-м щIыхь зиIэ и артистэхэщ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкуэр ильэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа Мысостышхуэ Пщыгэбий (Абхъазыи и цIыхубз артистщ), ЖьакIэмыхъу Кlунэ (ар икIи КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ), Балъкъыз Валерэ, Шьбзыхъуэ Басир, уэрэджьыIакIуэхэу Хьупсырджэн Албэч, Батыр Мухьэдин, Машло Алий, Дау Марианнэ.

КъБР-м и цIыхубз артистхэщ Мэшыкъуэ Феня, Щэрмэт Людмилэ, Къэжэр Борис, Бесчокъуэ Майе, Дуэнэщ Iэуладин, республикитхум - КъБР-м, КъШР-м, АР-м, ИР-м, Осетие Ищхьэрэм - я цIыхубз артистщ Нэхущ Чэрим, а республикэ дыдэхэм Осетие Ищхьэрэ яхэту я цIыхубз артистткIэ Сокъур Олыг.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэ къэс абыхэм къаехъуэну, я щIыхьыщIэхэр бзэгъэнэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

СКВОРЦОВЭ Вероника:

ЗэфIэвгъэкIын хуейуэ къыфпэщылъри куэд мэхъу

● Ди хьэщIэхэр

Ди газетым зэрытетащи, мэрем кIуам Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ УФ-м узыншагъэр хуэмэнымкIэ и министр Скворцов Вероникэ, абы и къудэгъ Яковлевэ Татьянэ, фIэкIыпIэнчэ медицинэ страхованымкIэ федеральнэ фондым и унафэщI Стадченко Наталье, УФ-м узыншагъэр хуэмэнымкIэ Iэнатlэм кlэльыплъыныжкIэ и IуэхущапIэм и Iэтащхьэ Мурашкэ Михаил сымэ зыхэт гуп.

ХьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ Республикэ клиникэ сымаджэщыр, Кардиологие центрыр, Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-р. Iуэхущапlэхэм я дохутыр пэсэхьыщхьэхэм ахэр щагъэзгъэзащ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. Абы нужькlэ Скворцовэ Вероникэрэ республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щрагъэжьэкIащ республикэм и медицинэ Iуэхущапlэхэм я унафэщIэхэр зыхэт зэIущ.

- Узыншагъэр хуэмэнымкIэ Iэнатlэм щыIэ гугъуехьхэр зэфIэхыным къэралым и унафэщIым гульытэ нэхъыбэ зэрэфIэкIыр псоми ди нэгу щIокI, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым Кlузкlуэ Юрий. - Абы и щыхьэтщ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ маэмэ къыдигъэкIа указым узыншагъэр хуэмэным, а Iэнатlэм зегъэужьным теухуауэ къыщыгъэльэгъуауэхэр. УФ-м Узыншагъэр хуэмэнымкIэ и министерствэм къэралым и Iэтащхьэм и унафэщIэ зэригъэзащIэм и зы ныхэщI иобрей зIуIщIэм хуэдэхэр хэгъуэгуэм зэрыщригъэжькIыр, и нэIэм щIэт ведомствэхэм я лэжьыгъэм тlкIийуэ зэрыкIэльыплъыр. Нобэ узыншагъэр хуэмэнымкIэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр щокIуэкI. Апхуэдэ лэжьыгъэр къыщыщIадзащ медицинэ Iуэхущапlэ нэхъ нихэм я деж. Дызэрыт ильэсым а Iуэхущапlэхэр едгъэфIэкIуэныр къалэн нэхъыщхьэу къуэвхэм ящыщщ. Нэхъыбэу зытедгъэщIэнур медицинэ Iуэхущапlэхэм я медицинэ-техникэ лъабжьэр зэрыдгъэбыдэныращ, информационнэ Iэмалхэмрэ техникэхэмрэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпу зэтеублэныращ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЗэрырагъэфIэкIуэнум йогупсыс

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и спикер Чеченов Ануар.

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ «НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яхуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иригъэкIуэкI къэрал политикэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» законопроектым. Ар нгъэхьэзыращ «НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яхуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иригъэкIуэкI къэрал политикэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iуэхугъуэ пыухыкIа хэмкIэ мыварэныуэ республикэм и прокурорым тхыгъэ къызэригъэхьам къыхэкIыу. Законопроектыр щызэхахьэхьам къалэытащ а документым хуащIа дагъуэ псори.

Къыкlэлыкlуэ законопроектыр депутатхэм я пащхьэ къыщырилъхьэм Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумкIэ, хъарычэт Iуэхумкlэ комитетым и унафэщI Несутулов Виктор къыхигъэщъхьэхIащ хъэрал, муниципальнэ Iэнатlэхэр, бюджет Iуэхущапlэхэр зыхуэй товархэр къыщэхуным, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным, Iэхуэтхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыным теухуауэ заказхэр хэгуэшэныкIэ УФ-м и законодательствэм 2014 гъэм щIышылэм и 1 пльандзэрэ щыгъуэм щIэблэ. Абы и пIэкIэ къуэу егъуэт хэрал, муниципальнэ Iэнатlэхэм папщIэ хьэпшIэхэр къэщэхуныкIэ, лэжьыгъэхэр зэрыщIэнымкIэ, Iуэхугъэзэхэхэр зэфIэгъэкIыныкIэ контракт системэ зэтезыгъэувэ законодательствэм. Абы къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щызэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» законопроектым ипкъ иткIэ КъБР-м и закону иджыпсу зекIуэхэм ящыщ зыбжанэм халъхьэ заказхэр щыхагъащэкIэ Урысей Федерацэм и законодательствэм щIэуэ кьигъэув мардэхэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Дунэйм щыкъыбархэр

Мазищым кIрыубыдэу

Урысейм и федеральнэ Iэнхъуэщапхъуэ Iэнатlэм (ФМС) Кlрымым щыпсэухэр мазищым кIрыубыдэу Урысей Федерацэм и паспортхэмкIэ къызригъэпэщыну къаIэн хьщищыжащ.

«Хабзэм ФМС-м хуегъуэ мазищым кIрыубыдэу Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр Кlрымым щыпсэухэм етIуну, - жиIащ дыгъуэгъ къэралым и Iэнхъуэшапхъуэ Iэнатlэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къудэгъ Калюжный Сергей. - Ар хуабжьу лэжьыгъэ хьэлъащ икIи жуэпIыныгъэшхуэ зыпылъщ. Абы щыгъэуми дэтлъэкI къэдгъэнэнукъым къытхуагъэува зэманым кlрыубыдэу паспортхэр щIахуэм ятIащ папщIэ».

Калюжным къызэрыхигъащIамкIэ, ФМС-м и лэжьакIуэ гупышхуэ Кlрымым ягъэкIуащ, дэфтэрхэр псынщIэу гъэхьэзырыныр нэхъ щIагъэхьажьну.

Накьыгъэм и 3-м къызэIуахынущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и Малокарачаевскэ районым зы махуэм фэепльыр къыщызэIуахынущ.*

КЪЭРЭШЕЙ лъэпкъыр республикэм зэрыращам и лей зытехьахэм, Чернобыль АЭС-м и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, Афганистан зауэм хэдгъэдзэм ятеухуа фэеплъхэр накьыгъэм и 3-м - Кlэрэшей лъэпкъым и къщыгъэщIэжыгъуэ махуэмкъызэIуахынущ.

Ягъэ фэеплъыр и IэдакъэщIэкIщ КъШР-м и цIыхубз художник Хабичев Маремот. Сабий цIыкIуитIым зызракъызылъа анэ композицэм метри 3 и лъагэгъэщ, ящIэкIа къыхэкIыжащ. А фэеплъым теухуа мылькур щыналъэм щыпсэухэм зэхуэхьэсащ. ХьэрыфэтIыщIэхэмрэ лэжьакIуэ гупхэмрэ абы хэлъхьэныгъэ хуащIащ.

Афган зауэлIэм я фэеплъ гъэувныр абы щызэхуэхэм къыхалъхьащ икIи район администрацэм ядиIыгъащ. Чернобыль АЭС-м и лъэужьхэр зыгъэкIуэдыжахэм я фэеплъыр районым Щэнхабзэмкlэ и парк щыщ щагъэувынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунэйм къыщыгъэхъэзыр

Гъэмахуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. *Республикэм гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэм зыхуагъэхьэзырын щыщIадзащ. Сабийхэр ирагъэблагъэнущ я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iэнатlэ 99-м. Ильэс къэс а Iуэхущапlэхэм сабий мин 22-м щIигъуи зыщагъэпсэху.*

ИЛЬЭС къэс Iэмал имыIэу Iуэхущапlэхэм зэгъэпэщыжьныгъэхэр щрагъэкIуэкI. Санитар, мафIэс щынагъэнщагъэ я лъэныкъуэкIэ кIуэ пэтми нэхъ ткIийуэ бгъэдэхьэ. Къыхэдгъэщынщи, «Лань» лагерыр процент 70-м нэскIэ гъэмахуэм хуэхьэзырщ. Иджыпсту пэщ кIуэцIкIэр зыхуэй хуагъаз, мыгувэу газ ирашэлIэнущ.

Зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, лагерым и унафэщIхэм республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ я студентхэм ящыщ вожатэхэри гъэхьэзырыным яужь итщ. «Лань» лагерыр бгъилъэ-спорт Iэнатlэхэм хабжэ.

Накьыгъэм и 3-м къызэIуахынущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и Малокарачаевскэ районым зы махуэм фэеплъыр къыщызэIуахынущ.*

КЪЭРЭШЕЙ лъэпкъыр республикэм зэрыращам и лей зытехьахэм, Чернобыль АЭС-м и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, Афганистан зауэм хэдгъэдзэм ятеухуа фэеплъхэр накьыгъэм и 3-м - Кlэрэшей лъэпкъым и къщыгъэщIэжыгъуэ махуэмкъызэIуахынущ.

Ягъэ фэеплъыр и IэдакъэщIэкIщ КъШР-м и цIыхубз художник Хабичев Маремот. Сабий цIыкIуитIым зызракъызылъа анэ композицэм метри 3 и лъагэгъэщ, ящIэкIа къыхэкIыжащ. А фэеплъым теухуа мылькур щыналъэм щыпсэухэм зэхуэхьэсащ. ХьэрыфэтIыщIэхэмрэ лэжьакIуэ гупхэмрэ абы хэлъхьэныгъэ хуащIащ.

Афган зауэлIэм я фэеплъ гъэувныр абы щызэхуэхэм къыхалъхьащ икIи район администрацэм ядиIыгъащ. Чернобыль АЭС-м и лъэужьхэр зыгъэкIуэдыжахэм я фэеплъыр районым Щэнхабзэмкlэ и парк щыщ щагъэувынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Псори къыщежьэр щIалэгъуалэм я дежщ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къудэгъ - УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр Пятигорскэ щригъэкIуэкIащ округым щIалэгъуалэ политикэмкIэ и советым и зэIущIэм. Абы къыщыпсалъэу полномочнэ лIыкIуэм къыхигъэщхьэхуэкIащ щIблэр пъэныкъуэ куэдкIэ ядэлэжьэн зэрыкъуейр, а унэтIыныгъэхэр щIалэгъуалэ чэнджэщIэгъуэгу органым иубыхуну къыщIэрыпэщытыр.

УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Хлопонин Александр къыгъэлIэгъэщ илъэс ептхэнэ хъуэуэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ «Мэшыкъуэ» зэхьэлхьэщхэр. Абы нэхъри зегъэужьын икIи зегъэубгъун зэрыхуейр къыхихигъэщхьэхкIри, полномочнэ лIыкIуэм жиIащ щIалэгъуалэр зэхуэсым утыку къыщралъхьэ проект нэхъыфIэхэр пхыгъэкIыным гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр.

А махуэ дыдэм, ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ советым и зэIущIэр иуха ноужь, Хлопонин Александр хэтащ «Мэшыкъуэ-2014» Кавказ Ищхьэрэ щIалэгъуалэ зэхьэлхьэщхэр гъэхьэзырыныр ар егъэкIуэкIыныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэм. Полномочнэ лIыкIуэм къыдэкIуэу абы къырихьэлIащ Ставрополь краим и губернаторым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Владимиров Владимир, Пятигорск къалэм и Iэтащхьэ Травнев Лев, мы Iуэхум пыщIа ведомствэ, Iэнатlэ щIэхьэгъэхэм я лIыкIуэхэр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и пресс-Iуэхущапlэ.

Гукъыдэжыр къэзыIэтхэр

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр гъэтхэпэмкIэ къыхэзыгъэтхьар, ар къэралпсо махуэшхуэ щIэн хуейуэ япэу жызыIар УФ-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Соколов Александрщ, 2007 гъэм и гъатхэпэм зэIуIуцIэ иригъэкIыжу абы къыхигъэщауэ щытащ щэнхабзэм и къудамэ хэхъахэм ехьэлIа махуэхэр (Фэепльхэр хъуэхэным и махуэр, Театрым и махуэр, Печатным и махуэр, и. я. т.) ягъэтIысIэри, щэнхабзэ Iуэхущапlэхэм щылажьэхэми щхьэхуэу гульытэ яхуэщIын зэрыхуейр.

ЩЭНХАБЗЭМ и лэжьакIуэм и махуэр гъатхэпэм и 25-м гъэльапIэным теухуа унафэм 2007 гъэм щышхьэхуIуэм и 27-м Iэ щIидзауэ щытащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

Щэнхабзэм знужьныныр елъытащ абы хуащI гульытэм, мыльку а Iуэхум хухахьм. Iэщ Iагъэлl нэсхэр гъэхьэзырыныр, абыхэм защIэгъэкъуэныр, лэжьакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр ирихьэлIэу эпымыууэ и нэIэ зытригъэтыпхьэщ, сыту жыпIэмэ щэнхабзэр цIыхум зезыгъэужь Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Хэт щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр? Кином, гъуэгуанэм, тхыдэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэмэ зи гъащIэр тезыуухъуэрщ. Урысейм и щIыналъэ псоми гъатхэпэм и 25-м щагъэльапIэ аехр: щIыхь тхыльхэр, щIэ лъапIэхэр, нэгъуэщI саугъэтхэр зыхуагъэфащэхэм аехр щратыж пщыхьхэр къыдэзрагъэпэщ, нэгуэлужь программэхэр хуэхъэхъэрн, абыхэм я гукъыдэжыр къаIэт.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр къуелйщ ди щэнхабзэр утыкуэхэм изыхьэфа цIыху цIэрыIуэхэмкIэ. Абыхэм щэнхабзэм, гъуэджэм щыыIэрагъэхьа екъуIэныгъэхэм ди къэралым гулъытэ къыщыхуащIащ, цIэ лъапIэхэмкIи ягъэпэжащ.

РСФСР-м и цIыхубз артистщ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-къэрал драмэ театрым и актеру щытахэу Токъуий Хьусен, Пыхъужь Алий, Дышэжь Кlунэ, Сонэ Мухьэрбий сымэ, пшынауэ Iэзэ Кьащыргъэ Кlуращ, Кучуков Магомед, опер-рэ уэрэджьыIакIуэ Гъэсащэ Наталье, -СССР-м и цIыхубз артист» цIэ лъапIэр зэрехьэ дирижер гъуэзджэ Темыркъан Юрэ, УФ-м и цIыхубз артистщ композиторхэу Кьарадзан Хьэсанрэ Темыркъан Борисрэ, уэрэджьыIакIуэ Тут Заур, балетмейстер Ульбашев Мутай.

УФ-м гъуэджьэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэщ актер Болэ Мурат (КъБР-м и цIыхубз артистщ), композитор Хьэпуп Джэбрэйил, режиссерхэу Теубэж Сультlанрэ Фыцэ Руслан рэ, драматург Шортэн Аскэрбий, ди къэралым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокуэ Владимир. -УФ-м и цIыхубз суръэтыщI- цIэ лъапIэр зэрехьэ Пащты Германэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и художникщ Тхьэкlумашэ Михаил, Абей Виктор Кlыщ Мухьэдинрэ КъБР-м и цIыхубз суръэтыщIу.

УФ-м щIыхь зиIэ и артистэхэщ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкуэр илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа Мысостышхуэ Пщыгэбий (Абхъазыи и цIыхубз артистщ), �жьакIэмыхъу Кlунэ (ар икIи КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ), Балъкъыз Валерэ, Шьбзыхъуэ Басир, уэрэджьыIакIуэхэу Хьупсырджэн Албэч, Батыр Мухьэдин, Машло Алий, Дау Марианнэ.

КъБР-м и цIыхубз артистхэщ Мэшыкъуэ Феня, Щэрмэт Людмилэ, Къэжэр Борис, Бесчокъуэ Майе, Дуэнэщ Iэуладин, республикитхум - КъБР-м, КъШР-м, АР-м, ИР-м, Осетие Ищхьэрэм - я цIыхубз артистщ Нэхущ Чэрим, а республикэ дыдэхэм Осетие Ищхьэрэ яхэту я цIыхубз артисткIэ Сокъур Олыг.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэ къэс абыхэм къаехъуэну, я щIыхьыщIэхэр бзэгъэнэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Къыдэкlыгъуи 100-м къыкlэлъокlуэ

● Лъэпкъ Iуэху

Мэзыхьэ Борис и къэпсэльэныгъэ. Абы къыбгъурысщ Хьэфыщlэ Мухьэмэдрэ Дроздов Игоррэ.

Мэрем кlуам «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хэку» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) газетхэм зэгъэусу къыдагъэкI номер зэгъэутхэм я бжыгъэр 100 зэрырикъуам теухуа зэхуэсым хэтащ КъБР-м печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Дроздов Игорь. КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис, «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм я редакторхэр нэхъыщхьэхэу Хьэфыщlэ Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Уважыкlуэ, Дербэ Тимур, Адыгэ Республикэм и цIыхубз тхакIуэ Чэмкъуэ Юныс, тхакIуэ Льох Сэфарбий, ди республикэм къыдагъэкI газетхэм, журналхэм, радиом, телевиденэм я унафэщIхэр.

АДЫГЭ лъэпкъыр егъэфIэкIуэным, бзэр хъума хъуным, зэкъуэш республикэхэм я зэхуэку дэпъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, зэлъэпкъэгъу журналистхэр зэрыщIэным, я хэгъуэгум щыхьыбарэмкIэ зэдзэгушэным ехьэлIауэ ильэс 25-рэ и пэкIэ щыдэкIыу щIэныгъэм зэгуэтхэм, ар къыщэрежьам, нобэ а Iуэхур зэрекIуэкIым тепсэльыхьащ хьэщIэхэм бысымэхэр.

Апхуэдэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжа фIэхъус псалъэкIэ захуитIэзам **Дроздов Игорь** икIи щIыхьэхуэса Iуэхум хьер къыпIэкIуэну екъуэхуэхащ.

КъБР-м, КъШР-м, АР-м къыщыдэкI адыгэ газетхэм къыздрахьжьэу номер зэгуэтхэр къыдэгъэкIын зэрыщIадзам, абы пыщIа сэбэпныгъэмрэ жэуапIныгъэмрэ, а Iуэхум зиужьуэрэ къызэрыгъэзэгурыкIуэм тепсэлъыхьыжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ щыта (1982-1997 гъэ.) Мэзыхьэ Борис.

- Пэжыр жыпIэмэ, мы Iуэхум, номер зэгуэтхэр къыдэгъэкIын, нужь дыщIхьам ар номерри 100-м тхуэгъэсын-тхунэмы-гъэсынымрэ, ар ди щIыналъэм щыпсэу дагъуэхэм, ди къэралым и щIыналъэ щыпсэу зэдзэрэзыуэ къыздащIэрэ, редактор нэхъыщхьэхэри журналистхэри жыдэхэру хэзэкIыхьэу хуежьащ. Ди япэ зэIущIэхэр хуабжьу сигу кIынэжащ. Республикэхэм чэзуэрэ дыщIэзэхуэсырти, клубхэм, йуажэ зэмылIэужьныгъэхэм дыщIэзэIущIэрт. Куэд щIауэ зэрымыльэгъуа, зы анэ кIыльуа зэкъуэшым хуэдэу дыхьэхьэхьэрт, къыкIэльыкIэу номерыр зытедгъэунэмкIи, абы итынуэкмкIи зыдгъэхьэзырарэ гупсысэ нахуэхэр диIэу. ЩIалэ куэдым я цIэр къыСIуэфынущ а Iуэхум я гуащIэ халъхьауэ, лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьауэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ къыздэкIа номер зэгуэтхэм, зэкъуэшу щыт пэтми, зэпэщхьэхуэ да лъэпкъхэр нэхъ гьунэгъу зэхуищьжащ, хабзэкIи, бзэкIи, литературэкIи, нэгъуэщI куэдкIи я зэхуакъ дэлъа гъуэгуанэр игъэмэщIащ. Иджыри къыздэсым жысIэфынущ, ильэс 20-м щIигъу блэкIами, а хабзэ дахэм къыхэзырпищэр, лъэпкъыр зэрыгъуэтыжыныжмкIэ, зэгъунэгъу хьужьныжмкIэ лэжьыгъэ куп щIафIэ зэрекIуэкIыр. Абы щыгъуэми, нужькIи, иджыпстуи а Iуэхум къыпызыщIа редактор нэхъыщхьэхэм фIыщIэ яхуэзэхьэсырти, клубхэм, йуажэ зэмылIэужьныгъэхэм дыщIэ

ЗэфIэвгъэкIын хуейуэ къыфпэщылъри куэд мэхъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ Iэнатlэр нэхъ дэхуэхауэ щытщ, абы кьыхэкIыуи нэрылъагъу мэхъу медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымрэ ахэр цIыхухэм зэрыхуащIэнэр жылагъуэр арэзы зэхэримыдыр. Абы кьыхэкIыуи пэублэ Iэнатlэм зегъэужьыным епха Iуэхуэхэр дыз эхуэкIуэ ильэси 5-м нэхъыщIхьэу щытынущ. Псом хуэмыдэу гульытэ хуэтщIынущ узыншагъэр хъумэным и я Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэм хэгъэхуэным.

Дызэрыт ильэсым дэ дыхущIэкъунущ анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ едгъэкIуэкI Iуэхуэхэм Iэмальщlэхэр кьыз эрыщIыдгъэсэбэлным, абы хохьэ узыфэр зыхуэдэр нэсу и чэзум кьэхутныкмкIэ щыIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр. А Iуэхуэр тэмэму зэфIэха хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ республикэм иджыпсрей перинатальнэ центр кьыщIэзIыхьыным. Махуищ ипэкIэ кьаитIэрыхьыщ центрыр уэхуэным тедгъэкIуэдэну апэ Iыхьэр, сом мелуан 644-рэ хьуэу.

АдэкIэ КIуэкIэ Юрий тепсэльыхьащ медицинэ лэжьакIуэхэм я пщIэр, абыхэм я улахуэр кьэIэтыным, социальнэ и льэныкьуэкIэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр етыным теухуа Iуэхуэхэм кIи кьыхэкIыгъащ республикэм узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэхуэфIэкI кьыз эрамыгъэнэнур.

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ кьыхэнгъащ узыншагъэр хъумэн и Iэнатlэм зэхъуэкIынымгъэфIэкI зэрыщIекIуэкIыр кIи КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ хуищIащ а унэтIынымгъэм хуэфащэ гульытэ зэрыритым папщIэ.

- Апхуэдэу щытми, - жиIащ министрым, - зэфIэвгъэкIын хуейуэ кьыфпэщылъри куэд мэхъу. Апхуэдэ, псалъэ папщIэ, цIыхухэм ягъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр хэгъэхуэныр, дунейм ехьыжьэм я бжыгъэр гъэмэщIэныр, щIэуэ щIэ онкологие диспансерым щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьакIгъэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ. Нужьрей ильэсхэм медицинэр псынщIэу зызыужь унэтIынымгъэм ящыщ зы хъуащ. Абы кьыхэкIыу а Iэнатlэм щIэуэ кьыхьихэ псори лэжьыгъэм нэхъ щIэхуэ кьыщыгъэсIэуэ зеврьэсэн хуейщ, мис абы щыгъуэщ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымрэ ахэр цIыхухэм кьагъэсэбэныныжкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ щыIэжкIэ зыужьыжкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ щыIэжкIэ зыужьыжкIэ.

Скворцовэ Вероникэ тепсэльыхьащ Дэлэпыкьуэгъу псынщIэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеблауэ зэрыщытын хуейм, машинэхэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ кьыз эрэпщэныр, узым кьыхигъэзыхыыр и чэзум сымаджэщым нэшэсыныр а Iэнатlэм зэрыщынэхьыщхьэм. Министрым кьыхигъэщащ республикэм щIэныгъэ льагъэр IэзэгъашIуэрэ зыбгъэдэлъ дохутыр-хирургхэр кIи абыхэм я зэфIэкIыр щIыналъэм узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр щегъэфIэкIуэнымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур. Апхуэдэуи жиIащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр дохутыр Iэщlагъэм хуеджэнуэр федеральнэ вузхэм пщIэншэу щэтIысхьэнымкIэ дэIэпыкъугъэ зэрахуэхъунур.

- Зэи хуэмыдэжу иджыпсту кьэралым гульытэщхуэ хуеищ узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэным, - жиIащ Скворцовэ Вероникэ. - Абы папщIэ щыIэщ ахьшэ, диIэщ Iэмал, кьэнэкьыр а унэтIынымгъэм кьыхуаутIыпщ мылькур зыхуей хуэзауэ кьэгъэсэбэпынырщ.

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и кьуэдзэ Яковлевэ Татьянэ жиIащ мыпхуэдэ зэущIэкъэр щIыналъэм щIэх-щIэхыпхэ кьыз эрыщыз эрагъэпэщыр икIи абдеж Iуэхуэр зыIутыр нэгъэсауэ щауб зыхьнымкIэ ар сэбэп зэрыхьур.

- Медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэнымкIэ щыIэ унафэр Гъэзэщlэныр кьыз эхуэлIащ, - кьыхигъащ Яковлевэм. - Абы и Iыхьэм Iэнатlэм и щIыналъэ кьуэдым ятпэ фитщ. Фи екъуIэныгъэфIэхэм ящыщу дунейм екьюк сабийхэм я бжыгъэр ильэс кьэс нэхъ мащIэ зэрыхъур. Кьыжьыапхъэщ узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ Iэнатlэм и лэжьакIэм арэзы укьыз эримыщIыр. А Iэнатlэр тэмэму кьыз эгъэпэщауэ щытамэ, сымаджэщхэм апхуэдэу щIауз куэд щIэзэтрихьэнутэкъым. Цыхухэм дэIэпыкъуныгъэ тэмэм щагъуэтыр Налшык кьалэщ, кьару нэхъыбэ зэфхьэлIэр мыбдеж щыIэ медицинэ Iуэхущlапlэхэрщ. Аращ, кьапщтэмэ, фи лэжьыгъэм иIэ мыхьэнэр нэрылъагъу щэмыхьыр. Фыльэжьну гукъыдэжи зэфIэжи фиIэщ, ауэ Iэнатlэм зеужьын папщIэ Iуэхущlапlэ псоми гульытэ хуэфащIи хуейщ.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я Iэзагъэм, сымаджэхэм хущхьэуэр зэрапэрыхьэм, медицинэ оборудованэхэмкIэ IэмэпсымэхэмкIэ кьыз эрэгъэгъэпэщам, Iуэхущlапlэхэм я Iэрыхьэ тепсэльыхьащ УФ-м и Iэнатlэм кIэльыплъымкIэ и Iуэхущlапlэм и нэхъыщхьэ Мурашкэ Михаил, фIэкIыпlэнщэ медицинэ страховании зэмкIэ федеральнэ фондым и унафэщI Стадченкэ Наталье сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэйущlэм и кIэухым КIуэкIуэ Юрий гуапэу кьыхихъащащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и унафэщIхэм республикэр я пэIэм щагъэтэу, гулъытэ кьыхуащIу зэрыщытыр икIи министрым фIыщIэ хуищIащ иджыблагъэ Аруан районым и ещанкIуэ цIыкIуэхэр сымаджэ щыхьуам я IэщlагъэлIхэр дэIэпыкъуэгъу кьахуэхьуну кьызэрыгъэкIуам папщIэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

ЗэрырагъэфIэкIуэнум йогупсыс

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

«Мэзым пыщIа зэхущытыкIэхэр зэблэгъэкIыным и Iэхуэкъкъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» законопроектым халъхь федеральнэ законым езыгъэзэгъыж Iуэху щхьэхуэхэр. Апхуэдэу а документым ипкъ иткIэ мэзыр зехьэныжкIэ уполномоченнэ органым пщэрыльэ щащI цIыхухэм езыхъэм я щхьэкIэ ягъэхьэзыр пхъэхэкIэхэр зыхуэдизныжкIэ учетыр иригъэкIуэкIыну. Абыхэм тепсэльыхьащ Экологиемрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI Шумахуэ Арсен.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхуэкIэ» КЪР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ къыритхьащ. Ахэр «Административнэ кIэлъыплъныгъэм щIагъэувэ цIыхум хуагъэувэ административнэ мардэхэр кьызэрыгъэпэщыдым кьыхэкIыу ихь жэуапыр гъэткIиинымк хуэгъэзэ зэхъуэкIынымгъэхэм Iуэхуэкъкъ» «Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым, Урысей Федерацэм Административнэ кьэунащIэхэмкIэ и кодексым хэлъхьэным и Iуэхуэкъкъ», «Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкъкъ» законопроектхэрщ. Документхэр депутатхэм даIыгъащ икIи зэман къэкIуэным зэлгъжьынухэм хагъэхьащ.

Законодательствэмрэ къэрал унэхуэкIэмкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Арсен депутатхэр зыгъэуазэ ищIащ «2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм и щытыкIам и Iуэхуэкъкъ» КЪР-м гъэ кьэс иIэгъэхьэзыр докладным и проектым. Абы кьыхигъащхьэхуэкIащ КЪР-м и законодательствэм и щытыкIэм теухуа докладыр КЪР-м законхэр гъэхьэзырынымкIэ щрагъэкIуэкI пэжыгъэр кьыз эрэгъэпщытэж Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщ зы хъуауэ 2008 гъэ лъандэрэ зэрекIуэкIыр.

- Докладым зэпкърех КЪР-м и закон нэхъыщхьэр къащтэхэр, абыхэм зэблагъэкI Iуэхуэхэр, апхуэдэ законхэр гъэзэщIэнымкIэ къагъэсэбэп хэкIыпIэхэр, КЪР-м и Парламентым иригъэкIуэкI кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэм кьурикIуэхэр, республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр федеральнэ законхэр гъэхьэзырыным зэрыхэтыр, - кьыхихьэхуэкIащ Мэремыкьуэ Арсен.

Абыхэм кьадэкIуэу документым нэрылъагъу кьещI УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ЗэрызыхуиГъэзам, КЪР-м и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьагъуэр кьалэн нэхъыщхьэхэр дэгъэкIыныжмкIэ ялажьхэр.

Докладым и проектыр КЪР-м и Парламентым и депутатхэм хуагъуэщI.

Зэйущм кьышащта унафэм ипкъ иткIэ КЪР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ «Щоджэн щIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэралым драмэ театр» кьэрал щэнхабэ кIэзонэ Iуэхущlапlэм и артисткэ Шал ФатIимэ.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Энергетикэ

Зэпымыууэ хуосакъ

Энергетикэм и псэуалъэхэр мыгъэрей цыплъэхэм зэрыщахъумэным лъхуагъэхьырыр папщIэ, Кавказ Ищхьэрэм и МРСК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм комиссэ хэха кьыщыгъэрагъэпэщащ. Абы и унафэщI Iуэхущlапlэм и инженер нэхъыщхьэ Малькаров Екъуб. Яльэуву щIалъэм кьыриубыдэу фIэкIыпIэншэу зэфIагъэкIыпуэр ягъэбеллъыдащ. Псыдзэр зыхуэхъу щIыпIэхэм гульытэ хэха хуащIынущ, зэпымыууэ я нэIэ трагъэтынущ.

УРЫХУ, Щхьэлыкьуэ, Бахьсэн, Балъкъ, Щэджэм псыхэм зэпрыкI уэгу кIапсэхэмрэ иужьрей илъэсищым псыдзэр нэхъ щыятэу кьалъытэ жапIэхэм пэгъунэгъу объектхэмрэ я щытыкIэр энергетикэм кьащIытэнущ. Апхуэдэщ киловатти 110-35-м тещIыхьа «Старэ Лэскэн-Змейкэ», «Псы кьыхэщыпIэ-Налшык-330», «Налшык-330-ПТФ», «Чалмас-Адыл-Су», «Крем-Константиновск»-Солдатск» жьауэ Iэхэр, «Старэ Лэскэн», «Псы кьыхэщыпIэ», «Лашынкьей», «Щэджэм-1», «Бахьсэн», «Кьыэбруи», «Котляревск» подстанцэхэм киловатти 10 зрикIуэ и линэхэр щхьэхуэ щIыпIэ щхьэхуэхэр. Псым щIиГъэнэкIэ е илъэсыкIэ хъуну Iуэхущlапlэхэм куэдрыр кьыз эрапщ Iэмэпсымэхэр щрагъэфIэкIуэнущ е щызрахьэхьэкIынущ. Токышхуэ зрикIуэ икьохэм я лъабжьэхэр кьапщытэнущ, кьэтIэсхьаэр зэхуагъэкIуэжынущ, ягъэбыдэжынущ.

Щыналъэ кьудамэм зыхуей Iэмэпсымэхэр иркIуэу иIэщ, будыдоэрэхэр, иагъэщI техникэ, машинэ хэхаэр лъжьыгъэм хуэхьэзырщ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэ кьэхьу хуэжьыкъуэмэ, абы зэрыпэщIэтэн хуэйуэ кьызэральтэр.

Законым тетынымкIэ, хабзэр хъумэнымкIэ, жылагъуэ шынагъэншагъэ кьызэгъэпэщынымкIэ комитетым и унафэщI Бэшоорэ Хьэмид депутатхэм я пащхьэ зэуэ федеральнэ законэм я проектыр кьурилъхьащ. Ахэр «Административнэ кIэлъыплъныгъэм щIагъэувэ цIыхум хуагъэувэ административнэ мардэхэр кьызэрыгъэпэщыдым кьыхэкIыу ихь жэуапыр гъэткIиинымк хуэгъэзэ зэхъуэкIынымгъэхэм Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым, Урысей Федерацэм Административнэ кьэунащIэхэмкIэ и кодексым хэлъхьэным и Iуэхуэкъкъ», «Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкъкъ» законопроектхэрщ. Документхэр депутатхэм дыдэ зэрагъэпэщащ, IэщlагъэлIхэр кьыхахащ. Псыдзэр щыIэблагъэкI лъэхьэнэм Урысейм и Гидрометымрэ МЧС-мрэ я Iэнатlэхэм, ведомствэ и щIыналъэ Iуэхущlапlэхэм жыдэзэрэ ядолажьэ, дунейм и щытыкIэм теухуа хьыбархэм зэпымыууэ зыхагъэтхьауэ. Зэрагъэхьауэ хуэдизу, вольтыбхуэ зрикIуэ кIапсэхэр зыхуэзэщIэщыпIэхэм щытыкIэр щащIэнущ, псышхуэм и зэранкIэ жапIэхэм зэрыхагъэхьэжьынкIэ хъунуи техникэ хэхаэ IэщlагъэлIэр щIэрыщIэу хагъэгъуэзэнущ. Абы и фIыгъэкIэ, республикэм и энергетикэ комплексыр зэпIэзэрыту лжьэнущ, щIыхухэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ зэрыхьэнущ.

«Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Аруан щIыналъэ

МафIэ мыужьыхыр щыпагъэнэнур дапщэщ?

Нарткъалэ и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщщ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъымрэ абы и пащхьэм ит мафIэ мыужьыхымрэ. Сыт хуэдэ пэкIу щхьэпэ кьыдэлъ кьыщIэтэ-ми, нэхъыбэм щрагъэкIуэкIыр мы утым и дежщ.

ФЭЕПЛЪЫМ и деж щIэхщIэхэм зэпэщIэ гъэпсыкIэ Iэгъэнэхэр щхьщызэрагъэпэщ утым пэмыжьжьэу щыт курыт еджапIэ №21, №22-хэм. АрщхьэкIэ Iуэхум зы зэхуэмыхьэныгъэ хальэ: ильэси 10-м щIигъуэу мафIэ мыужьыхыр пIалъэкIэ фIэкIа пагъанэркъым. Ар зрихьэлIэри ТекIуэныгъэм и махуэ накъыгъэм и 9-рщ.

Мы Iуэхум теухуауэ кьалэдэсхэми я гукъеуэр ябзыщIыркъым. «Ярэби, мамыгрыгъэмрэ кьаралым и щхьэхуитыныгъэмрэ папщIэ зи псэр зытахэм кьамыIэжьауэ пIэрэ ягъэ зыванкъым хуэдизу а мафIэр зэпымыууэ ягъэблэну?» - жаIэ абыхэм.

Нарткъалэ и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Ибрэхьим Альберт щыгъуазэ дызэрищlамкIэ, а Iуэхур езыхэмиIэщIыб ящIауэ щыткъым. Мы зэманым абы текIуэдзэну газыр зыхуэдизыр кьалъытэ икIи я зэфIэкI ирахьэлIэнущ «МафIэ мыужьыхыр» зэи мыункIыфIым хуэдэу пагъанэхэным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Зэи тщыгъупщэнукъым

Цыпlынэ Аслъэн

Цыпlынэ Аслъэн и фэеплъ нэхур

Псэужамэ, ильэс 55-рэ ирикьунут щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДА-м и академик, КЪР-м щIэныгъэхэмкIэ щыIхь зиIэ и лэжьакIуэ Цыпlынэ Аслъэн Амырбий и къуэр.

Щlэныгъэр цIыкуэхэм яхэпщэнымкIэ, адыгэхэм я мыакъуэу, Кавказым ис льэпкъ псоми я хабзэ нэхъыфIхэр кьэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ абы зэфIигъэкIа лэжьыгъэм и инагъыр кьэльыгъэгъуейщ. Щэнхабзэм, льэпкъ хабзэхэм куууэ зэрыхищIыкIым ипкъ иткIэ, абы кьыз эригъэпщIырт цIыху куэд зыхэт нэгъэшыжь Iуэхуэхэр. Ар сыт хуэдэ Iуэхуми хуэжьыдэрт, и лэжьыгъуэм я Iуэху епIыкIэм пщIэ хуищIырт, ныбжьыгъуэгъэкIэ зыхуэдэ щыIэтэкъым, и гулъытэ псоми ятынгъэкIыр. Ар зи щIалъэкIи кьыпхуэльытэнукъым абы адыгэ льэпкъым хуищIар. Ауэ щыхьукIи и щхьэ Iуэхуи дахэу зэрихуэрти, и инагъуэ екIуми адэ гумащIэу ящхьэщыгът.

Цыпlынэ Аслъэн текуэдауэ сыт щыгъуи пхужьыIэнущ абы и гъащIэр, дуней тетыкIар дэтхэнэ зыми и щапхъэу зэрыщытар. Зэрыщыпху пэкьым, зауэгъэм и тельхьэу, зэхэщIыкI куу иIэу зэрыщытам кьыхэкIкIэ, тыншт абы удэгъуэгурыкIуэну. Ар зи псалъэм тебгъуэтэж адыгэлIт.

Льэныкьуэ куэдкIэ бгъэдэлъ гъэпсыкIым и зыужьыгъуэу, и кьару кьызэкьуэхьгъуэу дунейм ехьжащ жылагъуэ лэжьакIуэ емызэщыр. Ар дыгъэгъазэм и 29-м яуклащ, иIэщIэкIуэдащ зыхэщIыкI льэпкъ зиныIэ бзаджащIэхэм.

МащIэ къэзыгъащIэу куэд зылэжьа жьауэIэм хуэдэ щIыхуг Аслъэн. Хуабжьу гукъеуэщхуэщ, льэпкъым и дежкIэ хэщIыныгъэшхуэщ абы хуэдэ щIыху губзыгъэр, еджагъэшхуэр, щIэблэм щапхъэ дахэ яхуэхъур пфIэкIуэдыныр. Илъэс куэдкIэ адыгэ льэпкъым ихъумэнущ Цыпlынэ Аслъэн и фэеплъ нэхур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Абы дегъэпIейтей

Ди зэхуэдэ къалэн

Нобэрей псалъэмакъыр тезыхуэну сыхуейт ильэс зыбжанэ хьуауэ унагъуэ щхьэхуэхэр, Iуэхущlапlэхэр псыкIэ зыхуей хьу IуэхутхьэбзэхэмкIэ кьызэзыгъэпэщ «Водоканал» МУП-м и лэжьакIуэхэр гугъу дыдэ езыгъэхь зы Iуэхугъуэм.

АР ЗЭХЬЭЛIАР псы кьабзэгри, кьагъэсэбэпауэ унэхэм кьыщIашыжри зэрызекIуэ бжьамийхэр зэман-зэманкIэрэ гъэкъэбзэн зэрызеирщ. Абы папщIэ псы зекIуапIэхэм ихьэпIэхэр (бжьамийхэр) трагъэувэ. Ахэр, дауг, щыт зэпIэхэмкIэ кьызэгъэпэщащ щIыхухэр, транспорт зэмылIэужьыгъуэхэр лъэпощхьэпохэм щIыхуьма хьун папщIэ.

«Водоканал»-м кьадащхьэми абы кьегъэщIылIа Кэнжэ, Брамтэ, Белэ Речкэ, Хьэсэней, Iэдиюку жылагъуэхэм кьыщегъэсэбэп псыкьуий мин 20-м щIигъуэ, Шэч хэмылъу, а псоми махуэ кьэс укIэлъыплъыфынукъым, абыхэм я щхьэтепIэхэр ахьшэ хэхьилIэ зыщIа дыгъуэхэри кьыпхуэуэбыдынкъым. Пэжщ, ди IэщlагъэлIхэм зи щхьэр траха псыкьуийхэр кьаухуэ икIи зыгъэгъэщIэж. Ди жагъуэ зэрыхьущ, псыкьуий щхьэтепIэхэр тумэн зытIущ кьыщIэзыгъэкIыну зыдыгъуэхэр егупсысыркъым ялэжь щIэпхъаджагъэшхуэм. Апхуэдэ мащIэхэм сабийхэри, балигъхэри, транспорт зэмылIэужьыгъуэхэри йохуэ, фэбжьхэри укIыгъэхэри кьыхоиI.

Ди псалъэмакъыр зэхэзэныхэм дыныволъэIу, щхьэтепIэ зытемылъыж псыкьуийхэм фрихьэлIэмэ, хьыбар дыбгъэщIэну мы телефонхэмкIэ: **42-22-16, 42-50-40, 8-928-084-07-35**. Дэ абыхэм я щытыкIэр дгъэзэжьэжынщ.

КьыввэгъэщIэну сыхуейт мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэ: псыкьуий псори «Водоканал»-м е кIэкъым. Апхуэдэ зэрыщIэр кьыщIэтэ Теплоэнерго»-ми, «Электросеть»-ми, «Троллейбус управленэ»-ми, нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэми.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

Япэ игъэщыпхъэхэм гулъытэ хуащI

● Зэйущlэхэр

Сурэтхэр **Холаевэ Любэ** *трихащ.*

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КЪР-м щыIэм нэгъабэ я лэжьыгъэм кьрикIуэхэм щыхэпльэжащ икIи 2014 гъэм кьапщыкI кьалэныщIэхэр щафэбзыхуащ. Ар иригъэкIуэкIащ Iуэхущlапlэм и унафэщI кьалэнхэр зыгъэзащIэ Щоджэн Мухьэмэд.

ЗЭЙУЩIЭМ кьрихьэлIащ Урысейм и Пенсэ фондым и управленэу Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щыIэм и Iэтащхьэ **Гетман Михаил**, КЪР-м и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ **Фырэ Руслан**, КЪР-мкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, УФ-м и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм КЪР-мкIэ и кьудамэм и тхьэмадэ **Черкесов Георгий**, зауэм, лэжьыгъэм, Iэщlэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Щоджэн Мухьэмэд и докладым щытепсэльыхьащ ильэс кIуам я лэжьыгъэм кьрикIуэхэм икIи УФ-м Пенсэ фондым и кьудамэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIахьыр кьигъэльэгъащ. Абы кьыхигъэщащ Пенсэ фондым Iуэхутхьэбзэхэр зыхуищIэ цIыхухэм я материальнэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ УФ-м и Правительствэм и унафэхэр, УФ-м и Пенсэ фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ящыщ. Ар къэзыгъэльагъуэ илъэс куэд хьуауэ страховательхэм щыхуэ зэратемылъыр. Гетман жиIащ 2014 гъэр зелитроннэ технологиехэм я гъэзэрыщытыр, Пенсэ фондым и Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ тынщу цIыхухэм яIэрыхьэн папщIэ программэ, сервис куэд хэпщэн зэрыхуейр.

УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КЪР-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир щхьэхуэу кьыхигъэщащ и чэзум икIи ябгъэ хэльу цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнырэ фондым и лэжьыгъэр кьэзыгъэльагъуэу зэрыщытыр. Зэпкърыхуауэ кьытеувыIащ анэ (унагъуэ) капитал программэр щIыналъэм щыIэм и унафэщI Гетман Михаил кьызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр округым щынэхъыфIэхэм ящыщщ. Ар къэзыгъэльагъуэщ илъэс куэд хьуауэ страхователхэм щыхуэ зэратемылъыр. Гетман жиIащ 2014 гъэр зелитроннэ технологиехэм я гъэзэрыщытыр, Пенсэ фондым и Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ тынщу цIыхухэм яIэрыхьэн папщIэ программэ, сервис куэд хэпщэн зэрыхуейр.

УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КЪР-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир щхьэхуэу кьыхигъэщащ и чэзум икIи ябгъэ хэльу цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнырэ фондым и лэжьыгъэр кьэзыгъэльагъуэщ. Абы кьыхигъэщащ Урысейм и Пенсэ фондым и сайтым кьыщыгъэрагъэпэща «Страхователям и кабинет щхьэхуэу» электрон сервисым страхователь нэхъыбэм зыпащIэнырэ щхьэзэрэпщIыныр.

Зэйущlэм гульытэ щхьэхуэ щыхуащIащ пенсэ Iуэхум щIэуэ кьыхьыбахэм, ахэр цIыхухэм я вед нэхьэсыным, иджыпей технологиещIэхэмкIэ фондым зэфIих Iуэхутхьэбзэхэр куэдкIэ егъэфIэкIуа зэрыщыхуэм, нэгъэщIхэмэ. Ар Iуэхугъуэ гуапэкIэ иухащ. ЛэжьакIуэ щхьэкIфIхэм ведомствэм и щIыхь тхылъхэмрэ дамыгъэхэмрэ иратащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Псалъэр мащIэу, и купщIэр кууу

Къэбэрдей литературэм лъэужь узынщэ къыщызына Къашыргъэ Хьэпащ I и фэепль пшыхь щекIуэкIащ Джэрмэнщык къуажэм дэт курыт школым. Ар къыззраIэхурэ мы гъэм илъэсищэ ирокъу. Абы кIэрагъэбгэгъат пщIэрэ щхьэрэ зиIэу жылэм дэс нэхъыжьхэр, а Iы щэджащэр зыщIыхьу щытахэр, тхакIуэм и бынхэр, абыхъэм къыщIэхъуэжахэр. Зэхуэсыр къыщызэрагъэпэщар гъатхэпэм и 14-рт, адыгэ тхыбзэм и литературэр, IуэхугъуитIри зэпащIэри, зэIущIэр нэхъри гъэщIэгъэун хъуащ.

НЭРЫЛЪАГЪУТ а пшыхьым егупуу зэрызыхуагъэхьэзырар. Еджапэм и пэш нэхъ ин дыдэр гъэщIэрэщIат я кIуаажэгъу щIэрыIуэм и тхыльхэмкIэ, и суртхэмкIэ, кIыхъуагъэфэщащ щIыхь тхыльхэмкIэ, Хьэпащ I теухуаеу критикхэр, тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэмкIэ, езы Къашыргъэм къызэринэкIа, гупсысэ кууКIэ гъэнщIа сатырхэмкIэ.

Зэхуэсыр зи жэрдэмыр школым адыгэбзэкIэ щезыгъаджэ гупырт, ГъыкIэпцокъуэ Iэсат и пашэу. Арщ зэIущIэр езыгъэкIуэкIари. ЕгъэджакIуэр рикIуэжащ Хьэпащ I и гъащ I э гъуэгуанэм, къызэринэкIа тхыгъэхэр зэрыкупщIафIэр, абыхъэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, и псальэр мащIэу, кууу къыщIигъалъэу зэрыщытар кьыхиГъэщу.

ТхакIуэр къыщалъхуар щIхьэлыкъуэ жылэрщ. КIыщокъуэ Алимрэ абырэ зэкъуажэгъуат. И ныбжьыр илъэс 13 фIэкI мыхъуу ар къэБгъэпхъуащ Джэрмэнщык. Пасэуи тхэн Iуэхум гу лъитащ. Хьэпащ I э ятепщыкIэ къыщIэкIа тхыгъэхэмкIэ, езы Къашыргъэм къызэринэкIа, гупсысэ кууКIэ гъэнщIа сатырхэмкIэ.

Зэхуэсыр зи жэрдэмыр школым адыгэбзэкIэ щезыгъаджэ гупырт, ГъыкIэпцокъуэ Iэсат и пашэу. Арщ зэIущIэр езыгъэкIуэкIари. ЕгъэджакIуэр рикIуэжащ Хьэпащ I и гъащ I э гъуэгуанэм, къызэринэкIа тхыгъэхэр зэрыкупщIафIэр, абыхъэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Ар ирагъэбгъэрыкIуэ Iуэхугъуэм и гъэрэзэн. Апхуэдэу абы Iэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ и IэпкIыкъм и тхыдэр зэфIэгъэувэжьыным. «Нэхъ пасэу сыкъалъхуамэ, си насыпти, абы папщIэ Сталиным и фыщIэ тхыльи кьыхуэкIуащ.

Зауэр щекIуэкI зэманым щIидзэри, пенсэм кIуэхукIэ Къашыргъэр Iутащ I энатIэ зэмылIужьыгъуэхэм: къуажэ Советым и тхьэмадэу щытащ, «Ленин гъуэгу» газетми радиокомитетми щыIэжьащ. Псом хуэмыдэу абы зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ я къуажэ школым щIэс тыжьащ. Псом хуэмыдэу щIэнагъэ куу егъэгъуэтыным, и псэр зыхьэлъу къзгъуэгурыкIуа адыгэбзэм ныбжьыщIэхэр хъыщыжь хуэщIыным.

ГукъэкIыж гъэщIэгъэнэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ пщIэрэ щхьэрэ зиIэу жылэм дэс, Джэрмэнщык къуажэм и тхыдэр куууэ къэзыгIэщIыжу тхылпIу зытхыжа, еджапIэм и унафэщIу щытА ЛIуп Нурхьэлий, школым и директору илъэс куэдкIэ лэжьа Джьназ Владимир, тхакIуэм и бынхэу Динэ, Хьэзешэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу зэIущIэм кьрихьэлIаХэр дихьэхащ Хьэпащ I и къуэрыльху школакIуэ Темболэт и къэпсэлъэныгъэм. ЩIалэщIэм кьигъуэтыжащ и адэшхуэм и къекIуэкIыкIам щыщ Iуэхугъуэ гуэрхэр. Апхуэдэу абы зэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ и лъэпкъым и тхыдэр зэфIэгъэувэжьыным. «Нэхъ пасэу сыкъалъхуамэ, си насыпти, абы папщIэ Сталиным и фыщIэ тхыльи кьыхуэкIуащ.

ТхакIуэ Къашыргъэ Хьэпащ I э къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

Зауэр щекIуэкI зэманым щIидзэри, пенсэм кIуэхукIэ Къашыргъэр Iутащ I энатIэ зэмылIужьыгъуэхэм: къуажэ Советым и тхьэмадэу щытащ, «Ленин гъуэгу» газетми радиокомитетми щыIэжьащ. Псом хуэмыдэу абы зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ я къуажэ школым щIэс тыжьащ. Псом хуэмыдэу щIэнагъэ куу егъэгъуэтыным, и псэр зыхьэлъу къзгъуэгурыкIуа адыгэбзэм ныбжьыщIэхэр хъыщыжь хуэщIыным.

ГукъэкIыж гъэщIэгъэнэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ пщIэрэ щхьэрэ зиIэу жылэм дэс, Джэрмэнщык къуажэм и тхыдэр куууэ къэзыгIэщIыжу тхылпIу зытхыжа, еджапIэм и унафэщIу щытА ЛIуп Нурхьэлий, школым и директору илъэс куэдкIэ лэжьа Джьназ Владимир, тхакIуэм и бынхэу Динэ, Хьэзешэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу зэIущIэм кьрихьэлIаХэр дихьэхащ Хьэпащ I и къуэрыльху школакIуэ Темболэт и къэпсэлъэныгъэм. ЩIалэщIэм кьигъуэтыжащ и адэшхуэм и къекIуэкIыкIам щыщ Iуэхугъуэ гуэрхэр. Апхуэдэу абы зэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ и лъэпкъым и тхыдэр зэфIэгъэувэжьыным. «Нэхъ пасэу сыкъалъхуамэ, си насыпти, абы

- жиIащ школым и унафэщI Тумэ Марьянэ, - Хьэпащ I э хуэдэ цIыху телъыдэжм сыхуэзэнтэкъэ, сцIыхунтэкъэ».

- Си адэр лIы щабэу щыIащ, - иту кьетрэкIыжь: усэ кьеджащ, уэрэд жаIащ, къэфащ.

Зэхуэсым зэрыщыжаIащи, адыгэ тхыльеджэ щыIэхункIэ псэунущ Хьэпащ I и тхыгъэ нэхъыфIхэр, псэм лъэIэс, гущIэм нэс, зэ къэпцIатамэ пхуэзмыгъэтIылъэкIыу узэджэ «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь», «Гъащ I эр матэщIэдзакъым» романхэр, адрей и Iэдакъэщ I экIэхэр.

ЗэIуцIэр зэфIэкIа, абы къыщыпсэлъахэм жаIэр гукIэ зэзгъэзэхуэжа нэужь хьэкъ сщыхъуащ: пшыхьыр ауэ сытми IэхъуэтегъэкIыу, «едгъэкIуэкIащ» жаIэу фIыщIэ кьахьын папщIэ къызэрагъэпэщакъым. Школым и унафэщIхэми, а Iуэхум хэлЫфIыхьа егъэджакIуэхэми, псом хуэмыдэу абы теуХуауэ гъэкьыгъэщхьэ зэфIэгъэкIа ГъукIэпщкIуэу Iэсати я боршу кьаГьытэрт я кьуажэгъу цIыху цIэрыIуэм - дуней тетыкIэ дахэ зиIа, адрейхэм емыщхьу литературэм зи лъагъуэ щIэрыIуэ Къашыргъэ Хьэпащ I эгу кьагъэкIыжьну, и щIэнибгъ щIэблэм ящыгъупщэ мыхьунуи, аращ апхуэдэ Iуэхугъуэ щхьэпэ щIрагъэкIуэкIар.

МЫЗ Ахьмэд.

Гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэIуахым.

ЛъэныкъуэкIэ дыкъыщеплъмэ...

Гъуэгуанэ. Араш блэкIам нобэр, иджыпсейм - къэкIуэнур пызыщIэр. Ар щызэнщIи щыIэщ, щынэшэкьаши кьохьу, нэхъ гугъур - ар щызадэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гъуэгуанэр цIыху гъащIэм и курыкыр къэзыпщытэж пщалъэщ.

АПХУЭДЭ гупсысэм укьыхуегъэушыр балъкъэр сурэтыщI Ахматов Лиуан иджыблагъэ кьызэIуиха и гъэлъэгъуэныгъэм («Кьежьапlэ») хигъэхьа и лэжьыгIэ нэхъыщхьэм, «Гъуэгуанэ» зыфIищам. Суратыр ин дыдэу щIащ, кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхуми утеплъэкьукIынкIэ Iэмал иIэкъым: ВЫ абрагъуитI зыщIэща гум бгы задэм деш зи щыбагъ кьытхуэгъэзэ лIыр. Зы тIэкIу фIэкIа хуеижкъым ар абы щхьэдэхьным икIи зэуэ лIыри, выхэри, абыхэм «якIэльыпль» дэри губгъуэ хуитыщхъуэм дыкьихутэну кьыпфIощI ... Егъэлеяуэ суратыр хьэлэмэтщ.

Зи ныбжьыр илъэс 55-м нэса суратыщIым и дэтхэнэ Iэдакъэщ I эр гъуэгуанэджэщ. 1993 гъэ льандэрэ Ахматовыр Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, республикэ, кьэрал, урысейпсо гъэльэгъуэныгъэхэм ирагъэбгъэгъуэ кьэгъуэгурыкIуащ. Тырныауэ кьыщалъхуа, кьыщыхьуа суратыщIым 2000 гъэм кьыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр. Абы и зэфIэкIым и инагъым щыхьэт техьуэжми ярейщ Суратыщ I гъуэзджэмкIэ музейм Лиуан мы махуэхэм щигъэлъагъуэ и Iэдакъэщ I экIэр. Пэшым и зы плIанэпэм щыбольагъу зэхуэзарэзыжу зи махуэ кьалэнхэр зэфIэзыгъэкIа унагъуэм и суратыр. Зэрыхьэзэщи, лжжьыгъэ нэхъ гугъур зи пщэ кьыдэхуэ щIыхухъуэм и губгъуэ лэжьыгъэр кьрихьэлIащ, щхьэгъуэсэм, пхьум я кьалэныр ерыскыы Iэнэр зэтетыныр щи, ари щыдолъагъу «Передышка на уборке сена» зи фIэщыгъэ суратым.

Кьуажэ псэукIэмрэ мэкьымэш лэжьыгъэмрэ зыхуэдэр фIыуэ зыщIэ Лиуан щIэс-щIэхыуэр и Iэдакъэщ I экIэхэм кьыщеIуатэ гуащIэрыпсэухэм я дунейр. А Iуэхум абы триухащ «Шэджэм» зыфIища и лжьыгъэр. Художникым и лэжьакIуэхэр езэш зымыщIэ щIыху нэжэгуэжэхэщ, уэрэд зэпадзыжу абыхэм мэкъу Iэмбатэхэр зэтралъхьэ.

Ахматовым и суратхэм я нэхъыбэм шыхэр, Iэщхэр щIыболъагъу, апхуэдэуи кьыщыхэкIа лъэпкым и кьежьапlэмкIэ и псэукIэмрэ гъукIэ лIыжьымкIэ, мэлыхьыхьэмкIэ, балъкъэр фызыжьым и тепльэмкIэ кьегъэльагъуэ. Гулыытэ зэщхьэ дунейм тет дахагъэ IэфIыгъэхэми. И пхъэщхьэмыщхьэхэр хьэрэпсэгъуэщ, щыгъупластэ зытет и Iэнэхэри берычэщ. Пасэм цIыхубзыр пщэдджьжьыпэ кьэс псыхьэ кIуэуэ зэрыщытар, апхуэдэхэм деж ар и насыпым щыхуэзэ кьыщыхьу зэрыщыIар кьэзыIуатэ суратри щIэщыгъэщ. «Встреча у реки» - араш фIищар Ахматовым и теплъэгъуэныгъэм а щIэр. Сыт хуэдэ суратми укьытеувыIэмэ, ар зыгурым - унагъуэм, лъэпкым, гъащIэм, гъуэгум, мамыргъэм, лэжьыгъэм - я кьежьапlэу ту лъыботэ.

Выставкэр кьызэрехьуIлямкIэ Ахматов Лиуан кьежьхъуэщ ГкъБР-м и Конституцэ судым и тхьэмадэ Гиляхов Абдулыхь, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъуэмэнымкIэ и лIыкIуэ Зумакулов Борис, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Аминэ, Щэнхабзэмкlэ фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир,Ингуш Республикэм щыщ суратыщI Сагов Багаудин, нэгъуэщIэри.

КъБР-м и Суратыщ I эм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Темыркъан Геннадий кьеджащ УФ-м и Художникхэм я союзым хэтхэм Ахматовым кьыкIуатэжьа тхыгъэм. «Суратыщ I гъуэзджэр уи псэм пэпщу, уи лъэпкым ухуэпэжу уэрыглажьэм папщIэ, фIыщIэ пхудощI. ЕхьулIэныгъэфIхэр уиIэну, уузыншэну быноХьуэхьу», - итт абы.

Дэ кьыдбгъэдэкIыуи щыдогъу Ахматов Лиуан и Iэщ I агъэм хуэарэзыуэ утыку иджыри куэдрэ кьихьэну дыззригуапэр.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Ахматов Лиуан и лэжьыгъэхэр. *Суратхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

Ботэщей щIэщыгъуэ

ПланоВскэм щекIуэкIащ щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ къуажэм къыщрахьэIэ лажьыгъэ нэхъыфIхэр щагъэлъэгъуэжа зэIущIэ.

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэм щрагъэкIуэкIа пшыхьыр къулейт лъэпкъ къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ. Апхуэдэу концертым ипкъ иткIэ, ягъэлъэгъуащ нэгъуэщI къэралыгъуэхэр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм ятеуХуа литературэ теплъэгъуэхэр. Ар къыззригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ къуажэ библиотекэм и унафэщI Абазэ Ритэ. Iэхур щIэщыгъуэ ищIащ, хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ зэхуахьэса тхылъхэм.

Пшыхьым кьрихьэлIахэр ирагъэпIащ, къуажэм дэс сабий Iэпщ I эльапщ I эхэм езыхэм я IэкIэ ягъэхьэзырыжа хьэпшыпхэм, щыгъэныгъуэ щIыкIуэхэм, хэдыкIэхэм, пхъэибзэхэм, адыгэхэм я щэнхабзэр наIуэу къызыхэзу суратхэм. Щэнхабзэмкlэ и унэм гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр щагъасэ.

ГуфIэгъуэ концертыр ягъэбжьыфIащ Кавказ щIыналъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ятеуХуауэ и литературэ зэгухьэныгъэм къекIуалIэхэр гъэхуауэ къызэджа уэсхэм.

Iуэхур зыхуэй хуэзэу къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ Щэнхабзэмкlэ унэм и гущ, и директор Хьэтхъэжь Людмилэ, художественнэ унафэщI Увыж Каринэ, аккомпаниатор Емуз Радинэ сымэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ХьыбарегъащIэ

ТIыхъужь Алий и пшыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и министерствэм республикэм щыпсэу хэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фрегъэблагъэ УФ-м и цIыхубз артист ТIыхъужь Алий и щIэр зэрихьэу ныбжьыр ирагъэкIуэкI Кавказ Iпхыгъэ театр фестивалым. «Ныбжьэгъуэхэм я гушыIэ» зыфIащa зэхуэхьэ гуанэр мэлыжьыхьым и I-м, сыхьэт 18-м щIидзэу, Налшык дэт Къэрал киноконцертым I эльгъуэанIэм щекIуэкIынущ.

ЗЭIУЩIэм хэтынущ гушыIэ жанрым и актер щIэрыIуэхэр, эстрадэм и артистхэу щIыхубм фIыуэ ильытьхьэр.

УищIэ зиIэхэр фыпсалъэхунущ мы телефонымкIэ: **44-22-10.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Министерством внутренних дел по Кабардино-Балкарской Республике за совершение преступлений экстремистского и террористического характера в отношении граждан республики разыскиваются:

1. Джангуразов Хаким Муратович, 20.12. 1977 г.р., КБР, п. Хасанья, пер. Майский, 13.

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, по ст. 205 УК РФ

2. Кушхов Мурат Баширович, 17.04.1977 г.р., КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст. 205 УК РФ

3. Техажев Залимхан Мухамедович, 04.10. 1981 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127.

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст. 205 УК РФ

4. Озов Музарин Аликович, 15.04.1982 г.р., КБР, г. Баксан, ул. Дымова, 23.

В международном розыске с 2011 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району, ст.ст. 317, 222, ч.2 УК РФ

5. Жириков Аслан Анчуарович, 13.12.1976 г.р., КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району, ст. 205 УК РФ

6. Жириков Арсен Анчуарович, 15.09.1974 г.р., КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130, (76).

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району, ст. 205 УК РФ

7. Биттиров Эльбрус Хизирович, 15.08. 1970 г.р., КБР, Чегемский район, с. Чегем-2, ул. Степная, 47.

В международном розыске с 2002 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району, ст. 205 УК РФ

8. Жанимов Алим Хасанбиевич, 01.02.1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Дыгулубей, ул. Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.

В международном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району, ст. 205 УК РФ

9. Шигалугов Адам Хабижевич, 23.06.1982 г.р., КБР, Зольский район, с. Светловодское, ул. Кабардинская, 53.

В международном розыске с 2013 года: мера пресечения - заключение под стражу, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району, ст. 208, ч.2 УК РФ

10. Берхамов Астемир Мусович, 02.12.1989 г.р., КБР, г.Баксан, ул. Чемазокова, 27.

В федеральном розыске 2009 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст.ст. 281, ч.2, 317, 127, ч.1, 222, ч. 2, 223, ч.2 УК РФ

11. Маргушев Артур Гумарович, 25.07.1990 г.р., КБР, Зольский район, с. Светловодское, ул. Садовая, 45.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде и надлежащем поведении, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району, ст.ст. 105, 222, 208, 317, 167 УК РФ

12. Оршокдугов Заурбек Хусейнович, 07.01. 1984 г.р., КБР, г. Баксан, ул. Баксанская, 63.

В федеральном розыске с 2013 года, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст.ст. 222, 105, 317 УК РФ

13. Гехов Валерий Хасанович, 09.08.1989 г.р., КБР, г. Баксан, ул. Защитников, 200.

В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде. Инициатор розыска УФСБ России по КБР, ст. 208 ч.2 УК РФ

14. Балагов Мухамед Мугазирович, 06.08. 1972 г.р., КБР, Зольский район, с. Каменномостское, ул. Огородная, 3.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде и надлежащем поведении, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району, ст.ст. 105, 222, 208, 317, 167 УК РФ

15. Шогенов Мурат Анатольевич, 11.05.1984 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Ингушская, 9-а, кв. 34.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде и надлежащем поведении, инициатор розыска ОП №2 УМВД России по г. Нальчик, ст.ст. 208, 222 УК РФ

16. Ныров Вячеслав Леонидович, 06.11.1982 г.р., КБР, г. Баксан, ул. Ломоносова, 63.

В федеральном розыске с 2013 года, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст. 208, ч.2 УК РФ

17. Табухов Иноят Усманович 20.10.1988 г.р., КБР, г. Нальчик, ул Московская, 3, кв.114.

В федеральном розыске с 2012 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст.ст. 222, ч.2, 105, ч.2 , 317 УК РФ

18. Залиханов Хасан Ибрагимович, 30.07. 1987 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Эльбердова, 40.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст.ст. 317, 222 УК РФ

19. Шериев Астемир Асланович, 11.06.1991 г.р. КБР, г. Баксан, ул. Мечиева, 50.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст.ст. 222, 162, 317, 167 УК РФ

20. Занкишиев Роберт Владимирович, 06.06. 1988 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Ингушская, 25-а, кв.69.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде и надлежащем поведении, инициатор розыска ОП №2 УМВД России по г. Нальчик, ст.ст. 208, 222 УК РФ

21. Абазов Азамат Муедович, 06.09.1985 г.р. КБР, г. Баксан, ул. Ногмова, 67.

В федеральном розыске с 2013 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст.ст. 222, 223, 105, 167, 208 УК РФ

22. Мурзабеков Заурбек Мухамедович 07.08. 1977 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, 331, кор.13, кв. 38.

В федеральном розыске с 1999 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст. 317 УК РФ

23. Абидов Замир Амдулахович, 27.08.1972 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, 1, общежитие.

В федеральном розыске с 2008 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик, ст.ст. 222, ч.2, 317 УК РФ

24. Сижажев Ахмед Олегович, 10.04.1982 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102-а.

В федеральном розыске с 2009 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД России по г.Нальчик, ст.ст. 317, 105 УК РФ

25. Касаев Артур Мухамедович, 28.04.1975 г.р., КБР, Баксанский район, с. Дыгулубгей, ул. Кирпичная, 79.

В федеральном розыске с 1999 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский», ст. 317 УК РФ

26. Беккаев Аслан Назирович, 31.05.1971 г.р., КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, 1, кв.25.

В международном розыске с 2002 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району, ст. 205 УК РФ

27. Атмурзаев Бузджигит Хасанович, 25.06. 1979 г.р., КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10.

В федеральном розыске с 2007 года: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району, ст. 208, ч.1, 2 УК РФ

28. Шекихачев Тимур Анатольевич , 19.08.1972 г.р., КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, 135, кв.3.

В федеральном розыске с 2005 года: мера пресечения - арест, инициатор розыска УФСБ России по КБР, ст.ст. 208, ч.2, 222, ч.2 УК РФ.

29. Кавдинов Рафаэль Анатольевич, 29.10. 1980 г.р., КБР, с. Терекское, ул. М.Терек, б/н.

В федеральном розыске с 2005 года: без меры пресечения, инициатор розыска УФСБ России по КБР, ст.ст. 208, ч.2, 222, ч.2 УК РФ

30. Кадымаев Эльдар Сергеевич, 1991 г. р., КБР, г. Чегем.

В федеральном розыске с 2014 года.

Уважаемые граждане!

Если вы располагаете какой-либо информацией об указанных лицах, просим незамедлительно на условиях строгой конфиденциальности сообщить по телефонам МВД по КБР: **40-49-10, 49-53-02, 72-09-36, 8-938-692-17-98.** За значимую информацию назначено денежное вознаграждение.

Адыгэ газетхэм зэгъусэу къыдагъэкIа номерым топсэльыхь Къэзанш Людмилэ. Абы къыбгъэдэсщ Чуякъуэ Юныс, Хъуажь Фахьри, Вэрокъуэ Владимир сымэ.

КъыдэкIыгъуи 100-м къыкIэлъокIуэ

(КIэухьмэ. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.)

«Нальчик» ОРТК телеканалым и унафэщI **Къзанш Владимир** къыхигъэщащ зэкIуэшыныгъэм, зэныбжьыгъуэгъэм теухуауэ куэдым псэльэн зэрафIэфIыр, ауэ КъБР-м, КъШР-м, АР-м кышыдэкI газетхэм псалъэр кьагъанэу Iуэхум нужь зэрихьар зэрыщхьэпэр.

- Хуабжьу дрогушхуэ апхуэдэ хабзэфIыр кьаблуаэ адыгэ республикэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри зэрагъэбыдэм, - кьытеувыIащ Вэрокъуэр. - Сэ куэдрэ кьыслэрохьэри, солъагъу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым, шэрджэс дунейм мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм теухуауэ я къыдэкIыгъуэхэр зэрыщыгъэр. Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкIыми, ауэ номер зэгуэт хъуми, махуэ къэс къыдэкIхэми и гури и пэри етауэ, жэщ-махуэ имыIэу Хьэфыщ Мухьэмэд а лэжьыгъэм зэрыпэрытыр умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым. А ищIэм апхуэдизу гукъыдэж кьрет абы, номерыщIэ дунейм кьытехьэху щыгуфIыкIыу апхуэдэщ. Дунейм адыгэу тетым кьабгъэзэкIыу фIыщIэ хузощI Мухьэмэд, апхуэдэуи сахуэарэзыщ абы нужь иту адыгэ Iуэхум пэрыт, хьэщIэу кьэкIуа редактор нэхъыщIхьэхэм, журналистхэм. Дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, дызэныбжьэгъу, дызэкъуэщ куэдей мыхъуу, зыпЗ зэрыгущIэтыр, щIыналъэкIэ дызэпIэщIэми, зы пьэпкъ и бушыу дызэрыщытыр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI **Къзанш Людмилэ** игу къинГэкIыжащ «Адыгэ псалъэ» газетым щыщыIэжьа пльэсхэм номер зэгуэтхэр кьыдэгъэкIыным езыри зэрыхэлэжьыхьу щытар, абы и фIыгъэкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим щылажьэ журналистхэр щыхугъэ, ныбжьэгъу зэрыхуэхъуар.

Республикищым кьыщыдэкI адыгэ газетхэм я редакторхэм я жьэнтIэхэс, Iуэхум и нэхъыбэр си пщэ кьыдэхуэ Хьэфыщ Мухьэмэд хуэзфIэкI псом кьадэкIуэу, ныбжьэгъу иныгьыныр фIыуэ кьызэрехьуIэр, ар екIуэкI Iуэхум пьабжьэ зэрыхуэхъуэ кьыхигъэщащ КъБР-м и радиом и унафэщI **Гъурф Бэлд.** ИкIи абы щапхъэ трихьыу, зэкIуэуи республикэхэм щылажьэ радиохэр зэрагъэуфу зэдзэпкьэныр зэрихьэзэсапIэр дыщIигъащ.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщIхьэ **Болэт Арсен** жьIащ номерхэмрэ къызыгъэхэмкIэ, радио, телевиденэ нэтынхэмкIэ узэхъуэжэным пэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Ар ятIэ кьэсым хуэзфIэмыкIыжьащ хъунущ, ауэ ндыкIпсту а Iуэху дахэм пызыщIэ Хьэфыщ Мухьэмэд пьэпкъ зэхэгъэж имыщIу, псори фIыуэ зыштагъу цIыхущ, абы щыгъуэми хэкупсэу кьэзыжу», - дыщIигуащ Болэтым.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэхэм и унафэщI **Ацкъан Руслан** адыгэ зэрыс республикэхэр сыт и пльэныкIуэкIи зэдэпэжьэныр зэрыщIэныгъэ кьыхигъэщащ икIи а хэгъэгухэм я тхылъ тедзапIэхэм ящыщIа пэтми, газетхэм я зэрыIыгъыкIэр зэрыныхэ жыдджэрыр, щапхъэ зытекхыпхьэу зэрыщытыр жиIащ.

«Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редактор нэхъыщIхьэхэу **Къардэн Мухьэмэд, Къаныкъуэ Заринэ**, «I КъБР» телеканалым и унафэщI **Токымакъ Светлана** сымэ кьыхагъэщащ пльэпкъым и зэкъуэтыныгъэм, зэрыпIыныным теухуауэ номер зэгуэтхэм кьалэныщхуэ зэрагъэзащIэр, адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр хьумэныжмкIэ, иджыпсту екIуэкI гъащIэм зэпIэзэрытыныгъэрэ мамырыгъэрэ щыIэныжмкIэ адыгэбзэкIэ кьыдэкI газет закъуэм жэуапльныгъэ зэрихьыр.

Адыгеим и цIыхубэ тхакIэ, ильэси 8-кIэ «Адыгэ макъ» газетым щылажьа **Чуякъуэ Юныс** псалъэ щратым кьыхигъэбелджыныкIащ газетым щIыныр, хэгъэуэгъэр зэдэлажьэныр иджыпсу куэдкIэ нэхъ тынш зэрыхъуар, электрон Iэмалхэри, машинэхэр куэду зэрыщыIэри хуабжьу сабэп зэрыхъур, нэхъапэм зэкIэлъыкIуэн, зэрыщIэн папщIэ гуГуеуэ куэд пыIу зэрыщытар. «Адыгэ газетым адыгэм и сыт хуэдэ лакъуэрэ зэрещIа», и хьыбар зэрегъащIэ зэрызэпэжьыкъым емылытауэ. Фэ фцIэр тыншкъым, ауэ ар зэпыбгъэу хъунукъым, уеблэмэ нэхъри зэрызедгъэужьын Iэмалхэр кьэдгупсысын хуейщ. Нэхъыжьы мы гупым яхэт Хьэфыщ Мухьэмэд фIыщIэ ин хузощI, сыту жыIпэмэ, абы и гупытгэр, Iэзагъыр, жьыджэрагьыр зыхунэмыс щыIэкъым. Адэкъи фи гуэр Iуэху сиI гуапэщ», - жиIащ Чуякъуэм.

- Ильэс 25-р ныбжьыщIэхэкъым, абы кьрифыбдэу номерри 100 кьыдэдгъэкIащи, ари Iуэху тыншкъым, - кьыпищащ адэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель **Хъуажь Фахьри**. - Мазищым зэ фIэкIа зэгъуэгу зэкIэрыгъэдэмыкIыр сфIэмащIэщ, ауэ ар кьыхэзгъэпэщыныр зэрыгугъуэм сыщыгъуазэщи, хэкIыпIэу кьыхэслъхьэну сыхуейт, блэкIа мазэм «Адыгэ макъым» тетахэм, «Черкес хэку» и напэкIэщIхэм кьытехуахэм ящыщ жьытIэурэ тхыгъэхэмкIэ дызэхъуажэурэ кьытедгъэныр. Дэ зэпэIэщIэ дыхьу хъунукъым, абыкIэ сэбэпышхуэ тхуэхъунущ лъэпкъ газетхэр.

«Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм я редакторхэм нэхъыщIхьэхэм жаIащ номер зыгуэтхэр зытрауху Iуэхур зэчэнджэщауэ, адыгэ гъащIэм нэхъыщIхьэу кьыщыхъуахэр яубзыхукIэрэ кьыззэрыхаухыр, къыдэкIыгъуитIым я зэхуаку дэть пIалъэм елэжьырэ, нэхъ купщафIэу кьалъытэ тхыгъэхэр зэрызэIэпахыр, апхуэдэуи дяпэкIэ нэхъ гу зыльтатапхъэу кьалъытэхэр кьыхагъэщащ.

Газетищым я зи чэзу зэхуэсыр Хьэфыщ Мухьэмэд фIыщIэ яхуищIащ кьеблагъэ псоми. Журналист IуэхумкIэIэщIагъэлIэхэр, адыгэбзэкIэ кьыдэкI газетищым зи гущIэ хэзылъхьэхэр кьэпсэльа нэужь, редактор нэхъыщхьэхэр кьапэщылъ лэжьыгъэхэм кьытеувыIащ.

- «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм зэгъусэу кьыдагъэкI номерхэм я юбилейр техуащ ди кьэралым мы гъэм щIекIуэкIа Iуэхугъуэ ин дыдэм - ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм, - пищащ Хьэфыщ Iэм. - Абы ипкъ иткIэ, номер зэгуэтым и напэкIуэцIхэм кьыщыгъэлъэгъуащ спорт иным адыгэ пIэкIыр зэрыхъэувэфа пльэбакъуэхэр, хэкурысхэми хэхэсхэми ящыщу Олимп чемпион хьуа щIалэхэм, пщащэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, Олимпиадэм адыгэ Iуэхум хухаха увыпIэр, шапсыгъэхэм кьахуихьа сэбэпынагъэр, нэгъуэщIхэри. А кьыдэкIыгъуэр дахэ, екIу, купщафIэ зэрыхъуам шэч хэтыкъым, абыкIэ дэри тхуэзэфIэкI мащIэмкIэ тIэтащ Сочэ щекIуэкIа Олимпиадэр.

Къардэн Мухьэмэд, Гыллыев Ахьмэт, Ацкъан Руслан сымэ зэIуищIэм къырихьэлIат.

Абы зыкIи кьыкIэрымыкуу, тхыдэм и напэкIуэцIхэр кьызыхэщыж тхыгъэхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр щызэхуэхьэсауэ кьыдэгъэкIын хуейщ кьыкIэлъыкIуэри. 101-нэ номерыр зытехуауэ щытынур адыгэ тхыдэм IэпапIэ фIыщIэу кьыхэна, ди пьэпкъым пьапсэрыхьар кьыхуэхъыха, илъэси 101-кIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ накьыгъэм и 21-м зэрырнкьурщ. 2014 гъэм гуГытэ хэха иIэу екIуэкIынущ а Iуэхур. Абы хуэфащэу, щIэныгъэIэм, тхыдэджхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа, жьлагъуэ лэжьакIуэхэм я Iуэху епIыкIэхэр кьызыхэщ тхыгъэхэр республикищым щыдгъэхъэзыру зэIэпытхьн хуейщ.

Редактор нэхъыщхьэхэм я нэхъыжьым жиIамкIэ арэзы хъурэ, **Дербэ Тимуррэ Тхъагъэпсэу Уважькъуэрэ** 101-нэ номерым тедзапIэу кьатыгъэхэр, абы хагъэхьэну тхыгъэхэм ящыщ хьэзыру зэраIэр жалащ.

Зэ́Iущ Iэ нэужьым

БИДЖИЙ Хьэсэнбий,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщIхьэ:

Дызэхуэдауэ къызолъытэ

- Нобэ зэпэщIэта ди командитIри кьарукIэ дызэхуэдауэ кьызолъытэ. Ар хуабжьу гуГуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, егъэрыкIуэныгъэ кьызэдгъэпэщахэм кIэух тэмэм едгъэгъуэтыфакъым.

ГРИГОРИЙ Александр,
«Луч-Энергия»-м и тренер нэхъыщIхьэ:

Очкощыр ди Iэрылъхьэщ

- ЩIагъуэу дыдджэгуауэ схужьIэнукъым, ауэ очкощыр ди Iэрылъхьэщ. ТопитI-щым тхудгъэгъкIыну щытащ, зэхущIэхэм апхуэда зы Iэмалу иIар. Урысей Федерацэм и кубокыр кьызыным теухуауэ иджы «Томь»-м дедгъэкIуэкIыну зэIуищIэм ерыщу зыхуэдгъэхьэзырынущ.

ХЬЭТАУИслъам.

● Футбол

Апхуэдэу жьыуэ зэи джэгуатэкъым

«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Владивосток. «Динамо» стадион. Гъатхэпэм и 23-м. Щыхуэ 4800-рэ ептъащ.

Судьяхэр: Попов, Лихачев (тIури Екатеринбург щыщIу), Коржевский (Мэзкуу).

«Луч-Энергия»: Довбня, Пономарев, Романович, Могилевский, Бендзь, Кудряшов (Мавлетдинов, 76), Пономаренкэ, Кащаев (Романенкэ, 67), Семочкэ, Корзин (Гаврюк, 85), Асильдаров (Бураев, 44).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Костин, Суслов, Джикие, Киреев (Рэзыуэ, 86), Султонов (Рухайа, 58), Щэуей, Рябокобыленкэ (Галин, 76), Зинович, Гуперкэ, Болэ (Панюков, 67).

Топыр дигьэкIащ: Асильдаровым, 40 (1:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Романович, Болэм, Костиным, Рябокобыленкэ, Довбня.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгуГуэр «Спартак-Налшыкым» Владивосток щригъэкIуэкIащ. Кавказ Ищхьэрэмрэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэмрэ хуабжьу зэрыгъэзэщIэхэм кьыхэзкIыну зэIущIэм ди зэманымкIэ пщэдджыжьым сыхьэтихым щIидзащ. Апхуэдэу жьыуэ зэгуэр ди щIалэхэр ятеувыIащ. ФIэщыгъэуфиг икIи абы фIы лъэпкъ кьахуихьакъым.

Премьер-лигэм кIуэну ерыщу хущIэкIу «Луч-Энергия»-м и кьару псори нирихьащIащ мы зэIущIэм текIуэныгъэр щыIэзэIэригъэхьэну. Абы кьыщыхэжаныкIт зэгуэрым

ди командэм щыджэгуахэу Романович Анатолий, Гаврюк Евгений, Асильдаров Щамил, Бураев Ашэмэз сымэ. КьищынэмыщIауэ, зэIущIэм хамыгъэхьами, владивостокдэсхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьыр зэгуэр зыхьумахэу Дорожкин Дениса, Аверьянов Алексей, Гриднев Даниил сымэ. Зэрынэрылъагъущи, зэпэщIэувэ гупитIыр мыейуэ зэрыщIыхурт.

Очкощым хуабжьу хэнныкъуэ хэгъэрейхэм я тепщэныгъэкIэ джэгуГуэр екIуэкIащ. «Луч-Энергия»-м и ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм ди щIалэхэм я жейр ящхьэщихуащ икIи я кьару кьызэрихьэкIэ захъумэжьыну кьахуигъэуващ. АрщхьэкIэ зыпхьумэж кьудеикIэ Iуэхур зэфIэкIынутэкъыми, налшыкдэсхэри хуэм дыдэурэ ипэкIэ кIуатэ хъуащ. Абы-щIащ. Абы ерыщу иризоныкъуэкъу Нижнекамск щытекIуа Тулэ и «Арсенал»-мрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ зэныбжь зэрыщIэхьэщыкIыр зы очко закъуэщ. Япэ ивыпIэр зэпеуэм зэрыщимыутIыпщынур naIуэщ Саранск и «Мордовия»-м. Нужьрей зэIущIэм ар «Ангушт»-м щытемыкIуэфами, псоми куэдкIэ (очко пщыкIузкIэ) ящхьэщыкIащ икIи гуп нэхъыщхьэм кIуауэ убж хъунущ.

Премьер-лигэм щIэбэныну Iэмал кьезыт ещанэ-еплIанэ увыпIэхэмэ хущIэкъуэкъэр мащIэкъым. Абыхъэм ящыщу «Луч-Энергия»-мрэ «Уфа»-мрэ я Iуэхуэр зэкIэ нэхъ тегушхуэзгъуафIэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ зэрыстащIыну щIэныр ящ дивизионым хэт командэхэр нужьу зэрызэдэджэгуам кьаригIуэ бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Газовик»** (Оренбург) - **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **2:1**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Енисей»** (Красноярск) - **0:0**, **«Химик»** (Дзержинск) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **1:2**, **«Уфа»** (Уфа) - **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **3:0**, **«Ангушт»** (Нэзран) - **«Мордовия»** (Саранск) - **0:0**, **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **2:3**, **«Алания»** (Владикавказ) - - **Торпедо»** (Мэзкуу) - **0:3**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Сапот»** (Белгород) - **3:0.**

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Тъатхэпэм и 30-м абы кьригъэблэгъэнущ Оренбург и «Газовик»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Мордовия»**	**27**	**18**	**6**	**3**	**46-20**	**60**
2.	**«Арсенал»**	**27**	**15**	**4**	**8**	**46-34**	**49**
3.	**«Торпедо»**	**27**	**14**	**6**	**7**	**31-15**	**48**
4.	**«Алания»**	**26**	**14**	**4**	**8**	**29-25**	**46**
5.	«Луч-Энергия»	26	12	8	6	28-11	44
6.	«Уфа»	26	12	7	7	35-29	43
7.	«Шинник»	27	12	5	10	34-30	41
8.	«СКА-Энергия»	27	10	8	9	28-27	38
9.	«Балтика»	26	10	8	8	27-23	38
10.	«Газовик»	27	9	10	8	27-26	37
11.	«Сибирь»	27	9	7	11	24-33	34
12.	**«Спартак-Налшык»**	**26**	**8**	**9**	**9**	**22-26**	**33**
13.	«Енисей»	27	8	9	10	27-35	33
14.	«Химик»	27	8	6	13	20-39	30
15.	«Ротор»	26	7	8	11	29-27	29
16.	«Салют»	26	6	9	11	23-26	27
17.	«Динамо»	27	6	7	14	21-39	25
18.	**«Нефтехимик»**	**26**	**3**	**9**	**14**	**22-31**	**18**
19.	**«Ангушт»**	**26**	**3**	**4**	**19**	**18-47**	**13**



Къаныкъуэ Заринэ



«Адыгэ макъ» газетым и журналист пщащэхэри ди хьэщIэт - ПЭтIюкъуэ Анетэрэ Гъуэнэжьыкъуэ Сэтэнейрэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

И мурадыр къызэпауд

Ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IэнатIэм и полицейхэм Налшык къаIэм щаубыдащ тыкуэным щыдгъуэну хэта цIыхухъэр.

ГъатхэпэМ и 10-м и жэщым полицэм зыхуигъэзащ Головком и цIэр зезыхьэ уэрамым тет ерыскъыхкI тыкуэным и лэжьакIуэм. Абы зэрыжиIамкIэ, сату комплексым мыцIыху гуэр щIыхьауэ я мылъку зэрыщIихьыным иужь итт.

ЩIыпIэм псынщIэу нэсащ ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэ гупыр икIи дыгъуасэ щIалэрт. Ар илъэс 20 хъу зэрэгъыждэс щIалэрт.

Зыгъэхьэзырыр
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

КБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, республикэм и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнцеко» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Нальчик» ОРТК-м я лэжьакIуэхэр **Пщыкl Латмир Хьэзэшэ и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Хьэзэшэ Тlэяр и къуэр** дунейм зэрехыжьам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХьэфIыщI Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетым КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яратъхащи (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьыгъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьыжэ Iуэхущ Iэхэм ядолажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; эдэлэкIаныгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм ящу жуаи ихь. Авторхэрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэныту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэрыем и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщкl Соня, редактору Чэрим Марианнэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)* ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ гаразетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №567